QORAQALPOG‘ISTON RESPUBLIKASI
XALQ TA’LIMI
VAZIRLIGI

230100, Nukus shahri, Dosnazarov ko‘chasi, 62-uy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ
XALÍQ BILIMLENDIRIW
MINISTRLIGI

230100, Nókis qalasi, Dosnazarov kóshesi 62-úy
Tel.: 0 (361) 222-24-37, 222-95-20, faks: 222-98-30
web-site: www.kkedu.uz, e-mail: mno.rk@exat.uz

«26» июль 2021-у.  №01-02/01-3417 «____»-__________ 2021-j.

**Қарақалпақстан Республикасы**
**Министрлер Кеңесине**

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў системасында 57 қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелери бар болып, олардан 49 билимлендириў мәкемесине 2021-2022-оқыў жылы ушын Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги ҳәм Мәмлекетлик тест орайының 2021-жыл 8-июндағы 49к/к-, 07/ққ-санлы қоспа қарары тийкарында 1980 оқыўшыға квота белгиленип, даўагер оқыўшылардың ата-аналары тәрепинен www.my.maktab.uz сайты арқалы электрон тәризде 5886 арзалар келип түсти.

Өзбекстан Республикасы Бас ўәзири орынбасарының 2021-жыл 3-июльдағы 07/9-19-санлы тапсырмасына тийкар қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң тийисли класлары ушын тест сынаўлары усы жылдың 29-30-июль күнлери ўәлаят(республика) орайларындағы ашық павильонлар(аллея, майданлар) да өткизилиўи белгиленген.

Қәнигелестирилген мәмлекетлик улыўма орта билим бериў мәкемелериниң тийисли класлары ушын тест сынаўлары Мәмлекетлик тест орайы тәрепинен Нөкис қаласындағы Туран стадионында өткизилиўи жобаластырылған.

Жоқарыдағыларды есапқа алған халда Сизден төмендеги жумысларды әмелге асырыўда:

жергиликли ҳәкимликлер тәрепинен тест сынаўына қатнасатуғын оқыўшылардың өз ўақтында тест өткизилетуғын орынға жетип келиўи ушын жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеген ҳалда автобуслар ажыратыў;

тест сынаўлары өтетуғын орында жәмәәтшилик қәўипсизлиги ҳәм карантин талапларына әмел етилиўи ушын Ишки ислер, Миллий гвардия ҳәм ден саўлықты сақлаў тараўы хызметкерлерин тартыўда әмелий жәрдем бериўиңизди сораймыз.

**Министр** **Р.Реимов**

Орынлаўшы: М.Даулбаев
Тел: (61) 222-24-65

Xalq ta’limi tizimiga oid barcha yangiliklardan quyidagi havolalar orqali xabardor bo‘lishingiz mumkin

www.uzedu.uz  t.me/uzedu  facebook.com/uzedu  instagram.com/uzedu.uz